

KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- PWOTOKÒL SEKIRITE POU 2021-2022
- LIS SOU SA NOU DWE TCHEKE POU OUVÈTI LEKÒL LA
- NOUVO PWOGRAM AK INISYATIV POU 21-22

OUT 2021

Biltèn 14 | NIMEWO 77 |

NOU KONTAN AKEYI OU NAN ANE LEKÒL 2021-2022 A



Nou swete ou te pase yon vakans agreyab, an sekirite, e pezi. Klas Lekòl Leta Miami-Dade County yo ap kòmanse lendi 23 out e nou kontan akeyi elèv nou yo pou retou lekòl la.

Ane ki sot pase a te ka chanje fason nou edike timoun nou yo ak fason nou pèfòme responsablite nou, men li pa chanje tenasite oswa detèminasyon nou pou bay jèn timoun nou yo konsepsyon ak opòtinite yo merite. M-DCPS investi tout li menm nan devlope yon enviwònman ki gen divèsite, ki enklisif e ki reprezante idantite sosyal kominote nou an ki trè rich. Distri a ap lanse plis pase 80 nouvo pwogram ak inisyativ ki depase limit edikasyon tradisyonèl la e ki plonje elèv yo nan eksperyans

aprantisaj dènnye kri ak anpil inovasyon.

Anplis, nou rete angaje pou soutni sante mantal ak sante fizik elèv ak anplwaye nou yo atravè pwogram e resous ki disponib pou pwoteje byennèt yo. Aprè rekòmandasyon ekspè sante piblik ak ekspè medikal yo, pwotokòl solid COVID-19 yo ki gen ladan obligasyon pou kouvri figi, ap rete an plas pou asire sekirite moun k ap antre nan lekòl ak biwo Distri nou yo.

Nou ap kontinye revize epi ajiste pwotokòl sa yo lè sa posib, baze sou kondisyon sante lokal yo. Pou dènnye enfòmasyon sou distri lekòl la ak resous itil, vizite backtoschool.dadeschools.net.

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

23 out

Premye Jou ane lekòl 2021-2022 a

6 septanm

"Labor Day" (Fèt Travay)
- Pa Gen Lekòl

7 septanm

Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon - Pa Gen Lekòl

16 septanm

Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon - Pa Gen Lekòl



“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) bay sante ak sekirite elèv yo ak anplwaye yo priyorite an premye. Depi kòmansman pandemi COVID-19 la prèske 18 mwa desa, M-DCPS pran desizyon konsènan pwotokòl yo baze sou gid lasyans ki soti nan òganizasyon sante ak sekirite enpòtan ansanm ak ekspè sante ak medikal piblik. Pandan enfòmasyon ki disponib sou COVID-19 yo ap evolye, Distri a ap kontinye ap ajiste règleman li yo pou ane lekòl 2021-2022 a.

Aprè rekòmandasyon Komite Travay Sante Piblik ak Ekspè Medikal Distri yo, M-DCPS ap enplemannte yon apwòch plizyè fasad pou adrese COVID-19 avèk pwotokòl ki ap suiv yo pou nouvo ane lekòl k ap vini an:

- Kouvri figi obligatwa pou tout elèv, anplwaye, volontè, ak vizitè pandan yo nan etablisman ak otobis lekòl M-DCPS yo. Elèv ak anplwaye yo ka resevwa yon akomodasyon pou yon bezwen

medikal ki dokimante dapre lwa federal la.

- Nou ap obsève maksimòm distans fizik nan salklas yo, otobis lekòl, ak kafeterya. Nou ap itilize lòt espas altènatif pou elèv yo manje lè sa posib.
- Nou ap kontinye ranfòse pwotokòl netwayaj ak sanitasyon nan otobis yo, etablisman lekòl yo, ansanm ak biwo Distri yo.
- Nou ap kontinye ankouraje pratik ijyèn pèsònèl, tankou lave men souvan ak itilizasyon estasyon pou dezenfekte men.
- Nou ap itilize teknoloji pou amelyore kalite lè a nan andwa lekòl yo, tankou pirifikatè pou lè moun ap respire a, sistèm yonizasyon ak amelyorasyon aparèy klimatizè yo.
- Nou ap ogmante kantite lè ki ap soti deyò pou antre anndan bilding lekòl nou yo.
- Mete sistèm “HVAC” (chofaj,

vantilasyon, ak klimatizè a) nan nivo maksimòm pou plis lè fre antre anndan lekòl yo pandan dezèdtan avan moun antre nan bilding lekòl yo e apre yo soti.

- Nou ap etabli yon andwa pou depistaj sante nan tout lekòl yo
- Pwosesis pou mete moun an karantèn nan pral konsantre sou moun ki te kapab potansyèlman dirèkteman ekspoze a maladi a atravè entreyen konsistan ak kontwòl fason yo chita yo, depi sa posib.
- Nouvo pwotokòl karantèn yo pral mande pou izolasyon pou 10 jou, kèlkeswa rezilta tèst COVID-19 la.
- N ap limite aksè vizitè nan lekòl nou yo
- M-DCPS ap kontinye ankouraje elèv ak anplwaye ki kalifye yo pou yo pran vaksen COVID-19 e travay avèk patnè kominotè yo pou bay opòtinite pou vaksinasyon.

Distri a ap kontwole kondisyon lokal yo sou baz regilye pou re-evalye, e fè re-ajisteman posib sou aktyèl pwotokòl COVID-19 li yo. Nan travay ansanm, avèk sipò fanmi yo ak kominote a, nou kapab asire yon ane lekòl 2021-2022 ki gen siksè. Nou espere wè w nan premye jou lekòl la, lendi 23 out.



Elèv ak anplwaye “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) pral kòmanse ane lekòl 2021-2022 a avèk yon seri bonjan pwogram solid, dènye kri ki baze sou objektif Distri a ki se ofri inonasyon nan salklas, rijidite akademik, inovasyon nan pwogram chwa yo, konsèy sou sante mantal, aksè ak jistis,

ansanm ak ogmantasyon efikasite nan fonksyonman Distri lekòl la. Sipèntandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho te devwale nouvo pwogram Distri a mèkredi, pandan yon reyinyon Komite nan Komisyon Konsèy Lekòl la. Gen yon kantite nan inisyativ sa yo ki adrese priyorite manm Komisyon Konsèy Lekòl la, e n ap antreprann majorite ladan yo avèk itilizasyon finansman siplemantè, resous ki egziste yo oubyen avantaj patenarya kominotè yo ofri nou.

Sipèntandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho di, “Lekòl Leta Miami-Dade County se youn nan sistèm lekòl nan gran vil peyi a ki ap fonksyone nan pi wo nivo gras ak kapasite nou pou nou re-envante tèt nou avèk

yon seri nouvo pwogram pou ede chak elèv atenn totalman kapasite akademik yo... Angajman san parèy sa a melanje avèk pwomès nou fè pou n ofri elèv ak anplwaye nou yo bonjan anviwònman ki gen sekirite, e ki ankourajan pou yo ka aprann e travay.

Plan Estratejik 2021-2026 Distri a, nou rele tou “Infinite Possibilities” (Posiblite San Limit), genyen senk seksyon oubyen pilye. Pilye sa yo sou menm liy avèk [Means to Accelerate Performance \(MAPs\)](https://bit.ly/2Uq0LJ3) (Mwayen pou Akselere Pèfòmans) nou an, ki se baz lansman pou inovasyon ak amelyorasyon. Aprann plis lè w vizite <https://bit.ly/2Uq0LJ3>.

ENSKRIPSYON OUVRI KOUNYE A POU PWOGRAM KLAS MATÈNÈL VOLONTÈ POU 2021-2022 A NAN M-DCPS



“Voluntary Prekindergarten (VPK)” (Pwogram Klas Matènèl Volontè) “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) – yon pwogram gratis ki prepare timoun ki gen katran pou Jadendanfan ak pi lwen – ap disponib nan plis pase 200 lekòl nan tout County a pou ane lekòl 2021-2022 an. Timoun yo kalifye pou enskri nan pwogram VPK yo si li gen 4 ane nan jou oswa anvan 1ye

septanm nan ane lekòl aktyèl la.


Ane sa a, M-DCPS agrandi pwogram VPK ofri yo lè li ajoute anpil nouvo klas atravè distri a pou ogmante kantite pwogram aprantisaj bonè kalite siperyè ki disponib pou timoun ki gen 4 an nan kominote a. Anplis, pwogram klas matènèl M-DCPS ap fè pati nan pwogram STEAM (Syans, Teknoloji, Jeni, Ar ak Matematik) aktyèl la nan Pwosesis Deziyasyon Lekòl la. Sa a pral ankouraje entegrasyon pwogram STEAM pou jèn elèv k ap aprann yo epi asire yo prepare pou defi k ap vini yo atravè ansèyman kalite siperyè ak eksperyans aprantisaj ki ankouraje panse wo nivo.

M-DCPS ofri plizyè pwogram edikasyonèl konplè, ki apwopriye dapre devlopman laj jèn timoun yo. Misyon chak pwogram konsantre sou amelyorasyon nan fason

timoun nan wè pwòp tèt li pandan y ap bay yon fondasyon solid pou entèraksyon yo nan lekòl la. Yo kwè lè eleman sa yo rive yon fason regilye e yon fason entansyonèl, timoun yo ap devlope yon lanmou pou aprantisaj pou tout lavi e li ap fè siksè. Tout pwogram yo te fèt pou yo satisfè bezwen total timoun nan pou li rive jwenn potansyèl maksimòm li.

Pou plis enfòmasyon konsènan pwogram nou yo, paran yo dwe mande nan lekòl dapre adrès kay yo/katyè yo, rele Depatman Early Childhood nan 305-995-7632 oswa vizite <https://earlychildhood.dadeschools.net>.

Vizite sit entènèt Sèvis Prezans M-DCPS la pou lis dokiman enskripsyon lekòl obligatwa 2021-2022 yo <http://attendanceservices.dadeschools.net/>.



Lis Sa pou Nou Tcheke pou Retou Lekòl



ENSKRIPSYON

Nou ankouraje fanmi yo pou enskri pitit yo bonè pou evite reta nan pwosesis yo. PREMYE joun lekòl nan "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County se 23 out 2021. Pou plis enfòmasyon, vizite <http://attendanceservices.dadeschools.net/>.



APLIKASYON MOBIL DADESCHOOLS

Aplikasyon Mobil Dadeschools yo resamman mete ajou se yon aplikasyon ak plizyè fonksyon pou paran. Resevwa enfòmasyon enpòtan tankou orè klas, nò lekòl, nouvel Distri ak anpil lòt. Telechaje aplikasyon gratis la nan aparèy iPhone oubyen Android ou.



FOUNITI KLASIK

Elèv yo ap bezwen founiti klasik ki nesè yo. Paran ta dwe tcheke sit entènèt lekòl pitit yo a oubyen kontakte lekòl la pou lis founiti klasik yo.



MANJE

"The U.S. Department of Agriculture (USDA)" (Depatman Agrikilti Etazini) anonse li ap pwolonje egzanasyon fleksibilite manje ete yo, ki ap pèmèt M-DCPS sèvi manje maten ak manje midi gratis pou timoun ki enskri pandan tout ane lekòl 2021-2022 a.



ZÒN LEKÒL YO

Ralanti, rete vijilan epi kanpe pou otobis yo. Obsève limit vitès 15-mph lekòl la.



ANGAJMAN FANMI

Chèche konnen pwofesè pitit ou a nan kòmansman ane lekòl la. Mande yon reyinyon an pèsòn oswa vityèl avèk yo pou pataje enfòmasyon enpòtan sou pitit ou epi pou mande kijan pou w pi byen sipòte aprantisaj yo lakay. Konsidere antre nan yon òganizasyon paran tankou "Parent Teacher Association (PTA)" (Asosyasyon Paran Pwofesè) oswa fè volontè nan lekòl pitit ou a. Pale ak direktè pitit ou a pou plis enfòmasyon sou PTA oswa imèl nan info@mdccpta.net. Pou chèche konnen ki jan ou ka vin yon volontè lekòl, vizite <https://www.engagemiamidade.net/volunteers>.



LIY ENFÒMASYON

Edikasyon Adilt Karyè/Teknik: 305-558-8000
Sèvis Sante Mantal pou elèv/paran: 305-995-7100
Pwojè 'UP-START' pou elèv ki pa gen lojman estab: 305-995-7558



KOUVRI FIGI

Kouvri vizaj pral obligatwa nan tout andwa lekòl ak biwo Distri yo. Moun pa bezwen mete mask pandan aktivite deyò yo toutotan yo kenbe distans fizik apwopriye a.



ENFÒMASYON SOU KONTAK

M-DCPS gen abilitè pou kominike kòrèkteman e avèk efikasite avèk paran atravè mesaj vwa, tèks, ak imèl. Li enpòtan pou lekòl pitit ou a gen enfòmasyon pi ajou sou kontak ou. Paran ka bay dènye enfòmasyon yo nan kontakte direktè lekòl pitit yo a. Yo ka chwazi pou resevwa mesaj tèks ijan nan voye mesaj tèks "Y" nan 67587 sou aparèy mobil yo.



VAKSEN

Nou ankouraje paran pou yo tcheke dosye vaksen pitit yo pou wè si yo gen pou yo pran vaksen yo mande pou antre lekòl la. Nou mande pou tout elèv M-DCPS pran vaksen selon laj yo pou elèv ki gen laj pou ale lekòl pou ane lekòl 2021-2022 an. "The Centers for Disease Control and Prevention (CDC)" (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) rekòmande tou pou tout moun ki gen 12 e pi gran resevwa vaksen COVID-19 la pou ede pwoteje yo kont viris la.



INIFÒM

Nou ap ranfòse règ sou inifòm nan. Kontakte lekòl pitit ou a pou jwenn plis enfòmasyon.



TRANSPÒ

Chache konnen enfòmasyon sou wout estòp otobis yo anvan lè a rive. Si w abite (2) de kilomèt de lekòl yo asiyen pitit ou a, li ka elijib pou sèvis otobis.



SWEN APRE LEKÒL

M-DCPS ofri plizyè pwogram swen apre lekòl. Kontakte lekòl pitit ou a pou jwenn plis enfòmasyon.



SEKIRITE AN PREMYE

Prevansyon! Prevansyon! Prevansyon! Mande pitit ou a pou l di yon bagay si l wè yon bagay ki sispèk. Rapòte enfòmasyon anonim nan 305-995-COPS (2677) oswa sou aplikasyon FortifyFL, ki disponib nan getfortifyfl.com.

TI KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN

Etabli yon

Woutin

<https://bit.ly/3iRv18T>

REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

9 septanm

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

5:00 nan aprèmidi
Atelye sou Bidjè

backtoschool.dadeschools.net



@MDCPS
@MIAMISUP
@ESCUELASMDCPS



@MIAMISCHOOLS
@ALBERTOMCARVALHO1



@MIAMISCHOOLS
@MIAMISUP

Revize apati de 19 out 2021

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSup




@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools



www.dadeschools.net

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la.
#MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann	Mari Tere Rojas
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann	Luisa Santos
Lucia Baez-Geller	Alberto M. Carvalho
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall	Sipèntandan Lekòl yo
Christi Fraga	Cori'Anna White
Doktè Lubby Navarro	Konsèye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la
Doktè Marta Pérez	

Pwodiksyon Biwo Kominikasyon ak Angajman Kominotè
anba direksyon Daisy Gonzalez-Diego